

Appendix

Conversation 1

Speaker 1: *Cuk, kowe arep mangkat saiki opo mengko?*
(*Cuk, will you go now or later?*)

Speaker 2: *Lha nopo? Aku rodo awanan wae og. Arep nyumbang sek aku neng tegalsari.*
(*Why? I go out rather afternoon. I will attend a wedding reception in Tegalsari.*)

Speaker 1: *Nyumbang gon'e sopo cuk? Kok aku ora diulemi?*
(*Where do you attend it cuk? Why am I not invited?*)

Speaker 2: *Alah go'e le Juri kae lho. Kowe mosok rak diulemi?*
(*You know, it's in uncle Juri's place. You don't get invitation, do you?*)

Speaker 1: *Ora kok. Sopo sing rabi? Ketoke biyen kae lek Juri wes mantu kok.*
(*No, I don't. Who is getting married? If I'm not mistaken, uncle Juri has held the reception before.*)

Speaker 2: *Anake to mosok mbahne.*
(*It must be his son not his grandmother*)

Speaker 1: *Haha...Menowo arep nyunatke mbahne sopo ngerti to cuk cuk. Haha Anak nomer piro sing mantu?*
(*Haha...perhaps he is going to circumcise his grandfather. Who knows cuk cuk?. Haha... which one of your children that already got married?*)

Speaker 2: *Anak ragile lek Juri sing nek mlaku rodo deglok kae lho.*
(*His last son who is rather lame is getting married.*)

Speaker 1: *Koyo ngono yo payu yo cuk, kowe sing waras malah rung payu. Hahaha....*
(*How can he get married? You're factually normal, but you are still single. Hahaha...*)

Speaker 2: *Ah tai,, koyo kowe ki wes payu wae. Anak lek Juri kae koyo ngono yo ciamik sak kabehane lho cuk, makane cepet entuk jodo.*
(*Shit! It's like you aren't single. Although uncle Juri's son is cripple, he is good at everything. That's why he easily gets a life partner.*)

Speaker 1: *Hahaha.... Ciamik opone? Entuk wong ngendi anake Juri?*
(*Hahaha... what is good? Where is she from?*)

Speaker 2: *Hahaha...Sakabehane to, nopo takon-takon barang ki, meh mbok parani po?*
(*Hahaha....everything. Why do you ask question? Will you come there?*)

Speaker 1: *Silit kowe, ditakoni tenanan kok.*
(*You asshole! I ask you seriously.*)

Speaker 2: *Hahaha entuk wong Seboto cedak omahe yangmu. Hahaha...*
(*Hahaha... She's from Seboto near your girlfriend's house.*)

Speaker 1: *Ahh silit, mengko nek arep mangkat sms yo cuk.*
(*Asshole! If you intend to go, text me cuk*)

Speaker 2: *Wegaaah... Hahaha..Kowe nduwe petek piro to?*
(*Noooo... hahaha. How many petek do you have?*)

Speaker 1: *71 cuk.*
(*71 cuk*)

Speaker 2: *Membengi kowe ngimpi opo to memange?*
(*What did you dream about last night?*)

Speaker 1: *Ngimpi ndupak raimu.Hahaha...Ora ngimpi aku, entuk wangsit aku mau. Hehe.*
(*I dreamt about kicking your face. Hahaha... I did not dream. I just got an inspiration. Hehe..*)

Speaker 2: *Gayamu entuk wangsit barang.*
(*You're bumptious, saying that you got an inspiration*)

Speaker 1: *Yo jelas to, kan aku titisane eyang Subur. Haha.*
(*Sure, I am a reincarnation of grandfather Subur. Haha*)

Speaker 2: *Rupamu ki. Ehh, kowe wingi tuku piro?*
(*Bullshit! How many SI did you buy yesterday?*)

Speaker 1: *Tuku SI 5.*
(*Buying SI 5*)

Speaker 2: *Tembus rak?*
(*Did you win?*)

Speaker 1: *Blas, Apes cuk cuk.*
(*Nothing at all, unlucky cuk cuk*)

Speaker 2: *Hahaha....Ketoke wingi kae kowe bar entuk-entukan to?*
(*Hahaha... It seems that yesterday you win, didn't you?*)

Speaker 1: *Iyo tembus pisan bar kui blong kabeh..*
(*Yes, they emerged once, then they all failed.*)

Speaker 2: *Lha wes ngerti ngono yo iseh mbok teruske kok kowe ki.*
(*You know that, but you still continued it.*)

Speaker 1: *Lha wes pie, wes teles terus ngene yo wes nyebur to.*
(*How? I have already been wet, so I jump.*)

Speaker 2: *Haha... Wengi kae wong Sruwen bar ono JP massal. Wah jan Randape wae ngasi stress.*
(*Haha... Yesterday Sruwen people held public JP. The number croupier was stressful.*)

Speaker 1: *Hahaha...mosok to? Sopo wae sin tembus?*
(*Hahaha... Really? Who won it?*)

Speaker 2: *Wah, akeh kok, ono yae nek cah 5 kae.*
(*A lot, about 5 people.*)

Speaker 1: *Edan, akeh men cuk.*
(*Wow, that's a lot of things, cuk.*)

Speaker 2: *Iyo nenan og..*
(*Yes, that's right*)

Speaker 1: *Kowe jek suk tuku nggone Katipan to?*
(*You often buy it in Katipan, don't you?*)

Speaker 2: *Ah, wes wegah tuku neng bandot kae aku.*
(*I don't want to buy it from that lascivious man.*)

Speaker 1: *Lha nopo ek?*
(*Why?*)

Speaker 2: *Wegah, medite pol kok.*
(*I don't want to because he is very stingy.*)

Speaker 1: *Haha koyo kowe to. Sek cuk, aku tak nyoji sek, kene kei udude.*
(*Hahaha... It is the same as you. Wait cuk. I will nyonji. Give me a cigarette!*)

Speaker 2: *Wah, kowe ki ra modal tenan kok. Dadi sniper kok rak duwe modal.*
(*You are broke. You are a sniper, but you are broke.*)

Speaker 1: *Lha mumpungane kowe ono kok. Haha..*
(*As long as I can depend on you. Haha..*)

Speaker 2: *Nyoh siji wae ojo akeh-akeh, iki wae udud sing entuk seko kumpulan wingi kae kok.*
(*Here, only one not the lot. This is from the prior pack.*)

Speaker 1: *Edan, awet men cuk.*
(*Wow, it is durable, isn't it?*)

Speaker 2: *Iyo tek, wes ndang lag disumet kui udude, ketok ongko piro kui mengko.*
(*Yes, it is. Let's light the cigarette. We will know the number.*)

Speaker 1: *Sek to, woles cuk.*
(*Wait for a minute! Slow, cuk!*)

Speaker 2: *Woles ndasmu kii, wes ndang.*
(How can I be slow? Damn you! Come on!)

Speaker 1: *Haha.. Wah, seger tenan ududu cuk.*
(Haha... the cigarette is really fresh)

Speaker 2: *Iyo to mesti.*
(Yes, definitely.)

Speaker 1: *Kui piro tessone?*
(How many *tesson* are they?)

Speaker 2: *Iki ono 4, 7, 2, 1 tak amatane sek meneh.*
(There are 4, 7, 2, and 1. Wait a minute, I will see it again.)

Speaker 1: *Gayamu ki lho, ndeok sonji wae sepanenge koyo wong ujian.*
(You're bumptious. You see *sonji* seriously like a student having a test.)

Speaker 2: *Yo jelas to, iki mepertaruhkan hidup dan matiku kok.*
(It is definitely true. It ventures my life and death.)

Speaker 1: *Kopeeet.*
(Damn!)

Speaker 2: *Iyo to, tabungan masa depan kui cuk.*
(Yes, this is saving in the future *cuk*.)

Speaker 1: *Ini mengko Ckne ketoke 7 cuk. Iki sanggaranku ono onko 7 ne jan cetho banget.*
(I think that today CK is 7, *cuk*. This is my *sanggaran* that there is a number 7 seeming very clear.)

Speaker 2: *Iyo aku yo duwe petek 7 iki.*
(Yes, I have *petek 7* here.)

Speaker 1: *Halah kowe ki senenge melu-melu wae og cuk.*
(You always follow me, *cuk*.)

Speaker 2: *Ora su, aku yo tetep UPS dewe to yo. Awit wingi wes duwe petek 7 kok.*
(No way, *su*. I have my own UPS. I have been having my own *petek 7*.)

Speaker 1: *Cuk, aku mengko titip 71, 87, karo 37 yo. Masing-masing 5000 wae.*
(*Cuk*, please bring me 71, 87, & 37! Each is Rp 5.000.)

Speaker 2: *Yo ditulis wae ben aku rak lali.*
(OK, just write it so that I don't forget it.)

Speaker 1: Yo sek.

(Wait a minute!)

Speaker 2: Kowe kok kadingaren nembak sitik men cuk?

(Why do you unusually buy a few numbers?)

Speaker 1: Iyo iki cuk, jek kere aku, duites wes ketilep kanggo tuku wingi.

(Yes, *cuk*, I'm poor. The money was used for buying.)

Speaker 2: *Haha..Sukor!! Kapook!! Salahe wedokan kok seneng nembak.*

(*Haha.. It is your fault. You know that you are woman, but you often buy numbers.*)

Speaker 1: *Yo sak karepku to. Lha nopo masalah nggo uripmu? Wong aku ki ratu togel kok.*

Haha..

(It is my business. Why? Is it problem for your life? I am a queen of numbers.

Haha...)

Speaker 2: Hahaha... Rak...!!! Wes kui wae AJ mu?

(Hahaha.... No!! Is it only your AJ?)

Speaker 1: Iyo kui wae.

(Yes, that's it.)

Speaker 2: Rak meh mbok BB kui nomermu? menowo mengko metu barang. Hayo

(Don't you want your number to be informed in the BB? Who knows it will emerge?)

Speaker 1: Oo yowes naknu, di BB yo keneng cuk.

(Oh, OK. It's better to inform it in the BB.)

Speaker 2: Yo brati duitmu kurang ki cuk.

(You need more money, don't you?)

Speaker 1: Kurang piro?

(How much money do you need more?)

Speaker 2: Kurang 15 ewu to.

(I need Rp 15.000 more)

Speaker 1: Yo gampang, talangi sek to yo. Biasa to cuk, mengko nek tembus tak ganti luwih luwih. Hehe..

(It's easy, use your money first. As usual, if the number emerges, I will pay you back it more.)

Speaker 2: Ooo.. Lha siliiiiit.....Rak modaaal.

(Fuck you! What a penniless man!)

Conversation 2

Speaker 1: Eh, kowe tuku piro mas? (How much do you bet, Mas?)

Speaker 2: Mau tahu aja apa mau tahu banget? Hahaha.. (Do you just want to know or really want to know? [Laughter])

Speaker 1: Haha... kopet kowe ya mas ditakoni apik-apik malah koyo Tai. ([Laughter] Damn you. I ask you seriously and your answer is suck.)

Speaker 2: Hahaha.... [Laughter]

Speaker 1: *Asu tenan og . Aku wingi tuku 27 malah blas rak nyenggol. Padahal gur kacek sak ongko tok lho. Kacek BTne tok entuk lho aku. Setan tenan og.* (Damn it. Yesterday I bet on 27 but it is not *nyenggol* at all, although it is just one number different. Only different on BT. Damn it.)

Speaker 2: *Lha iyo tek, aku kae ki iyo jane entuk wangsit seko ngimpiku. Jan cetho kae leh ku ngimpi. Ngono yo ora tak tuku ki lho. Jan to yo yo apes.* (Actually, I got wangsit from my dream. My dream was so clear but I didn't bet on it. It was my unlucky day.)

Speaker 1: Lha kowe ki ngimpi opo mas? Tuku piro kowe mas? (What was your dream like? How much do you bet?)

Speaker 2: *Aku ki ngimpi mbah piyem ki loro lag mati lho. Lak rumangsaku ki neng nggon krendone ki ono corone. Malah tak tuku nggon wong mati tok.. wah jan payah.* (I was dreaming that Mbah Piyem was sick and died. I thought I saw a cockroach in the. I thought that was the sign and I only bet on that. It is suck.)

Speaker 1: *Lha kowe kan pancen pekok sak dunia mas. Hahaha...* (You are the fooliest person in the world. [Laughter])

Speaker 2: *Matamu kui, lha wong rak klegewo tenan kok. Kowe kui sing pekok.* (Your fucking eyes. I don't think that way. You are the fool one.)

Speaker 1: *Hahaha...durung rejekimu brati mas. Arep mbok pekso koyo pie tetep rak iso to plo koplo.* ([Laughter] Then, it is not your fortune yet, Mas. Even if you force it, it will not happen, you dumb)

Speaker 2: *Lha iyo to. Rak kepikiran tekan coro aku og. Asu asu.* (Yeah, I guess so. I am not even thinking about the cockroach. Fuck.)

Speaker 1: *SGP mau metune piro mas?* (What is the result of SGP, Mas?)

Speaker 2: *SGP mau metune piro to. Aku dewe yo lali. Sek tak tilikke sms seko BD Trimo sek. Mau bar tak buka kok yo lali ki lho.* (Eh, The result of SGP? I also forget. Wait a minute, I'll check a text from BD Trimo first. I just read it but forget about it.)

Speaker 1: *Wes umur mas, maklum...hahaha..* (It is because of your age. [Laughter])

Speaker 2: *Metu 2978 gulo. Kowe tembus rak?* (The result is 2978. Are you *tembus*?)

Speaker 1: *Blas mas, nomerku malah adoh ngene kok. Jan blas rak nyenggol.* (Not at all, the numbers that I bet are far away from the result. It is not even *nyenggol*.)

Speaker 2: *Wingi kae ki ono sing tembus wong Klero. Wah jan ngasi tase rak amot gawe adah duite.* (Yesterday, there is a person from Klero who wins the bet. I heard that even the bag is not enough for the money.)

Speaker 1: *Tai ngasi rak amot?* (Are you serious?)

Speaker 2: *Kandani ngeyel og.* (I told you didn't I?)

Speaker 1: *Yo nek kui ngono wes kodale deknen menang mas. Lha sing tembus ngekei BLT rak neng randape?* (Maybe it is his *kodal* that's why he wins. Is that person who *tembus* gives BLT to *randap*?)

Speaker 2: *Ah, rak patek mudeng aku. Ketoke ngekei og, wong menang akehe koyo ngono kok yo mesti ngekei to.* (Ah, I don't really understand. Maybe he gives it (BLT) to him. He won a lot of money, he supposed to give him)

Speaker 1: *Yo durung mesti mas, nek wonge pelit barang sopo ngerti. Hayo..* (It's not certain yet, Mas. If he is stingy, then he won't give it to him.)

Speaker 2: *Yo kei to wong tembus akeh og.* (Yeah, but he actually have to give him)

Speaker 1: *iyooook* (Yeah, I know.)

Speaker 2: *Aku arep pasang CJK 5 iki mengko. Iki sanggaranku metu ongko 5 og.* (I will bet 5 in CJK later. In my *sanggaran* number 5 will appear.)

Speaker 1: *ndi delok?* (Let me see.)

Speaker 2: *Iki lho delok'o. Ono ongko 5 cetho ngene kok.* (You see it? Number 5 is clearly showed.)

Speaker 1: *Nek aku arep pasang CJE 7 wae kok.* (I will bet on number 7 in CJE.)

Speaker 2: *Lha np kok 7? Kowe bar ngimpi po?* (Why? Is it because you dream about something?)

Speaker 1: *Ora mas, aku mau bar entuk pethek wae.* (No, it's because I just got pethek.)

Speaker 2: *Walaah..* (I see)

Speaker 1: *Wingi nomere sing metu index nggon 2Dne yo?* (The result that coming out is index 2D yesterday, is it?)

Speaker 2: *Opo iyo?* (Really?)

Speaker 1: *Iyo wong metune 51 kok.* (Yes, the result is 51.)

Speaker 2: *Kui wes cong durung?* (Does it has already cong?)

Speaker 1: *Wes to mas. Aku wingi kae entuk 3D to randape sing kei duit jan petho matane.*
(Of course it does . I got 3D last time. The randap's eyes might be blind.)

Speaker 2: *Lha nopo?*(Why?)

Speaker 1: *Lha sing kei tembusan kakehan satus ewu og.* (The gift that he gave me is one hundred thousand too much.)

Speaker 2: *Terus ora mbok baleke?* (Did you give it back?)

Speaker 1: *Yo ora wong wes dadi rejekiku kok.* (No, I didn't. it has become my own fortune.)

Speaker 2: *Wah, kowe ki dadi sniper rak suceng tenan og cuk.* (You become sniper but you are not *suceng*.)

Speaker 1: *Lha pie wong kahanan kok. Hahaha..* (What can I do? It is due to a condition.
[Laughter])

Speaker 2: *Ndang kowe meh basang piro?* (Hurry up, What number will you bet?)

Speaker 1: *Sek to mas, woles. Iki lho aku jek nyanggar barang kok.* (Wait a minute, Mas. Slow down. I have to *nyanggar* first.)

Speaker 2: *Nyanggar awit mau rak metu-metu ongone. Kowe rak jegos pie to cuk?* (You have *nyanggar* from a while ago but you haven't get the number. Are you stupid?)

Speaker 1: Iki lho nyanggar rong ududan ketok ongko 7 terus ngene kok. (I have been *nyanggar* until I had smoked 2 cigarettes, and I always get number 7.)

Speaker 2: Halah kopet. (Screw you.)

Speaker 1: Kopet raimu kui. (Screw you too.)

Speaker 2: Nandang meh basang piro kowe? (Hurry up. What number will you bet?)

Speaker 1: Sek to (Just wait.)

Speaker 2: Sek sek terus selak bodho kucing mengko. (You ask me to wait too long.)

Speaker 1: *Yo nyoh, tulisen. Aku CJE 7 2000, 51 5000 yo cuk. Cepet ndang ditulis malah nyawang sonjian.* (Ok then, write down. I will bet 7 on CJE, 2000 rupiahs and on 51, 5000 rupiahs. Hurry up, write it down! Don't just looking on the *sonjian*.)

Speaker 2: *Iyo iki lho mbe tak sambu nulis. Cerewete pol. Wes kui tok AJmu?* (I do it while writing, ok? You talk too much. Is this your only AJ?)

Speaker 1: Wes kui wae. Akeh-akeh ndak watuk mengko. (Yeah, only that one. I don't want to bet too many, makes me sick.)

Speaker 2: Hubungane opo mbe watuk. (What's the connection with sickness?)

Speaker 1: *Wes pokoke ono. Hahaha..Kae parman tuku po ora awit mau gur manekung wae neng kono. Nopo kae neng kono? Meh golek wangsit po? Haha reneo tak warai man.* (I don't know. [Laughter] Do Parman intent to bet or not? He is just *manekung* in there. What is he doing there? Do he looking for *wangsit*? [Laughter] Come here, I will teach you how get numbers.)

Speaker 2: *Hahaha... Cah kae jek semplenget yae yo, malah klekaran neng tengah lawang ngono kuwi. Kenting tenan.* ([Laughter] Maybe he is sick. He just lied in the middle of the door like that. He's crazy.)

Speaker 1: *Kuwi stress goro-goro nomere rak ditunggu. Lha nomere saiki ngeban no. Hahaha... (He is stress because his numbers did not wait. The number is mbeto now. Hahaha...)*

Speaker 2: *Salahe rak dituku meneh.* (It is his fault for not buy it again)

Speaker 1: *Hahaha... nomere Parman cong men to entuk seko ngendi deknen?* ([Laughter] His number is very cong. Where did he found it?)

Speaker 2: *Mbuh kae rak genah og dadi guru petingkah.* (He's no good and is a bad teacher.)

Speaker 1: *Hahaha... Guru opo? Guru togel cah kae ki. Haha...* ([Laughter] What kind of teacher? He is togel teacher. [Laughter])

Speaker 2: *Kae ki meh nyaingi master togel SGP tapi rak iso, makane saiki kentir. Haha..* (He wants to compete with master *togel* SGP but he can't, that's why he become insane now. [Laughter])

Speaker 1: *Kae Parman ki bar manekung neng Balakan. Golek nomer tekan Solo barang ik. Aneh!!* (Parman has just manekung in Balakan. He looking for the numbers until Solo. He's freak.)

Speaker 2: *Nopo golek nomer tekan Solo barang ki? Kurang kerjaan po piye?* (Is it that important to look for numbers until Solo? Is he doesn't have anything to do?)

Speaker 1: *lha cedak-cedak kene opo on dukun togel sing sip?* (Is there a good shaman *togel* around here?)

Speaker 2: *Ono lho yo. Lha kae omahe Klero ngetan ono dukun togel sing cong tenan.* (Yes, there is. He is in the east of Klero. This shaman togel is cong.)

Speaker 1: *Omahe ngendi?* (Where is his house?)

Speaker 2: *Alah etan omahe Rudi badminton kae lho.* (His house is in the east side of Rudi badminton's house.)

Speaker 1: *Etan omahe Rudi kae kebonan ngono kok, wong rak ono omah og.* (The east side of Rudi badminton's house is a garden. There is no house.)

Speaker 2: *Mburi kebon kuwi ono omah cilik yo kuwi omahe dukune.* (Behind that garden, there is a small house, that's the shaman's house.)

Speaker 1: *Lha omahe wae nyelempit koyo silit ngono yo rak ketok. Opo meneh Parman kae matane kero siji. Yo jelas rak weruh. Hahaha..* (The house is very hard to be found. Beside, Parman's eyes cannot see clearly. Of course, He doesn't know. [Laughter])

Speaker 2: *Parman kae kapoke nek wes keno sakongsa kok ancenan.* (Parman will only learn his lesson if he got *sakongsa*.)

Speaker 1: *Ojo to cuk. Mengko iki forum togel melu gulung tikar to yo.* (Ah, don't let that happen. This togel forum will close if that happen.)

Speaker 2: *Rak po-po to yo ben kowe rak iso tuku nomer meneh. Hahaha...* (Isn't that good? So you can't bet on (togel) anymore. [Laughter])

Speaker 1: *Raimu kui cuk cuk. Kowe barang kuwi to.* (Damn you. You can't bet on (togel) too.)

Conversation 3

Speaker 1: Woy... kowe meh neng ngendi? Reneo tak kei enak-enakan. Hahaha... (Hey, where are you going? Come here, I'll give you something good. [Laughter])

Speaker 2: kowe ki nyeluki sopo?wong kae ki rak krugu kok. (Who are you calling? He cannot hear you)

Speaker 1: Karo kae lho anake Santoso sing gleng pol kae lho. (He is Santoso's son, the bad boy.)

Speaker 2: Owalah sing sekolah MAN kae to? (Oh, the one that studies in MAN?)

Speaker 1: Iyo kae to bocahe. (Yeah, that one.)

Speaker 2: Hahaha... bocah kok koyo ngono kae deloken. Kowe nduwe pethek piro mas? ([Laughter] That boy is always like that. What is your pethek,mas?)

Speaker 1: Wah, nek aku ki jane nduwe pethek 45 tapi rak patek cong iki nomere. (Actually, my pethek is 45, but the number is not really cong.)

Speaker 2: Wah, aku tuku ora yo mas? Aku bar kelingan metune nomer wingi ki jan delek-delek tenan og mas. (I doubt whether I have to bet or not. I remember the yesterday result is not good.)

Speaker 1: *Lha nopo?* (Why?)

Speaker 2: *Lha nomerku kemistik kok. Rak entuk to dadine.* (My numbers are kemistik. In the end I don't win the bet.)

Speaker 1: *Lha kowe tuku piro nomermu?* (What was your bet?)

Speaker 2: *Aku bar tuku 67 ki to mas malah metune 68. Jan asem tenan og mas gur kacek ekore tok lho jane. Ngunu yo rak tembus aku ki. Tai tai.* (I bet on 67 but the result is 68, Mas. It is suck, Mas. Actually, the only different is in the *ekor*, but I still can't win. Fuck!)

Speaker 1: *Lha As karo kop'e piro kuwi metune?* (What are the As and Kop numbers in the result?)

Speaker 2: *89 og mas. Aku rak tuku 4D kok. Gur tuku 2D tok. Lha pethekku kuwi tok.* (89, Mas. I didn't bet on 4D. I just bet on 2D. Because that is my only *pethek*.)

Speaker 1: *Ngunu yo ora mbok CB og? Jane mbuk CB nggon kepala ngnu kowe entuk jane.* (Then why are you didn't CB your number? If you CB your number on *kepala* then you will win the bet.)

Speaker 2: *Iyoo jane mas. Kowe ki malah gela-gelani og mas.* (Yes, I should have. You make me regret it, Mas.)

Speaker 1: *Yo ora to. Wah kui keren meneh nek entuk JP 4D. Jan ciamik yo. Haha..* (No, I don't mean it. It will be cool if you get a JP on 4D. It will be awesome. [Laughter])

Speaker 2: *Iyo kuwi mas. Jan ciamik yo. Hahaha.. Tapi kenyataane jan adem mas. Apes apes.* (Yeah, it will be great. [Laughter] but in fact it is *adem*, Mas. *Apes*!)

Speaker 1: *Haha... Wes kodalmu kuwi.* ([Laughter] It is your *kodal*.)

Speaker 2: *Wah, asem tenan og mas.* (Damn you, Mas.)

Speaker 1: *Wah, kowe dadi penembak ulung kok rak tau cong nomere. Hahaha...* (You become *penembak ulung* but your numbers are not *cong*. Hahaha..)

Speaker 2: *Penembak ulung piye wong maen wes kadung nyebur teggelam koyo ngene kok.*

Ngece kowe mas. (I am not penembak ulung anymore. I have nyebur tenggelam in togel. You make fun of me, Mas.)

Speaker 1: *Iseh mending kowe lho jek kalah ping piro ngono, lha nek paijo kae malah wes berenang kesamudera tenan. Wong lemah etan omahe kae wae ngasi didol kok. (Your lost is better than Paijo because he has berenang kesamudera. He has to sell his land beside his house.)*

Speaker 2: *Opo iyo to mas? (Really, Mas?)*

Speaker 1: *Kandani kok ngeyel ik. (Believe me.)*

Speaker 2: *Halah kae ki dokter kok koyo ngono yo mas kelakuan. (He is a doctor. How come he behaves like that?)*

Speaker 1: *Dokter togel kae ki. Hahaha... (He is a togel doctor. [Laughter])*

Speaker 2: *Nek dewe ngono kalah menang tetep lamkonsel ya mas. Hahaha.. Lha deknen nek maen togel rak nggo teknik investasi og, dadi kalah wae yo mas. (Whether we are losing or winning but we are still lamkonsel, mas. [Laughter] He is not bet on togel with teknik investasi so he always lost.)*

Speaker 1: *Hahaha...iyooook su.. ([Laughter] Yes, he is.)*

Speaker 2: *Kae kian santang wes maen durung mas? (Has Kian santang begun yet, Mas?)*

Speaker 1: *Lha nopo? (Why do you ask?)*

Speaker 2: *Wah aku seneng kuwi mas filme. Tak tunggu awit mau kok. (I like that movie so much. I have been waiting from a while.)*

Speaker 1: Lha lekase jam piro to? (What time will it begin?)

Speaker 2: Jam 9 ketoke mas. (9 o'clock I guess.)

Speaker 1: Iki rung ono jam 9 kok. Jek jam setengah 9 iki. (It's not 9 o'clock yet, it's still 8.30.)

Speaker 2: *Yo wes naknu. Iki mengko AM'e kiro-kiro piro mas?* (Ok then. SO, what is the AM for today, Mas?)

Speaker 1: *Wah, aku dewe rak main iki. Rodo mumet men ndasku.* (I do not know. I am a little bit dizzy.)

Speaker 2: Nek menurutku iki ngko ono ngko 5 ne mas. (I think 5 will come out, Mas.)

Speaker 1: *Ora yo. 5 karo 7 ki dadi AL dino iki. Sedino iki mau durung ono sing nyenggol ongo kuwi.* (No, it won't. Number 5 and 7 will become AL today because no one has *nyenggol* those numbers.)

Speaker 2: *Opo iyo mas?* (Are you sure, Mas?)

Speaker 1: *Iki mengko ki menurutku AI 3 neng kepala.* (I think that number 3 become AI in *kepala* later.)

Speaker 2: *Ora mas 3 ki mengko AM neng 2D mas. Aku bar nyanggar kok. Haha.. Rak metu pokoke mengko ongo 3 ki.* (No, Number 3 will come out AM in 2D later, Mas. I have just *nyanggar*. [Laughter] Number 3 is not coming out today.)

Speaker 1: *Ndi ndelok sanggaranmu?* (Can I see your *sanggar*.)

Speaker 2: *Iki lho delok'en. Rak ono ongo 3 ne. 3 iki ngko komat yae yo mas neng 2D.*

(Look at this. There is no number 3. Maybe number 3 is *komat* in 2D, Mas.)

Speaker 1: *Iyo yae.* (Maybe)

Speaker 2: Hahaha... Raimu mas.. Peh dadi randap wae keminter men kowe. ([Laughter]

Damn you, Mas. Because you become randap, don't act like you're smart.)

Speaker 1: Yo mesti to yo. (Absolutely, I have to.)

Speaker 2: *Ojo skali-skali tuku nomer 3 lho mas. Ketoke AB kui mengko. Wes rak pethek aku mas.* (Don't bet on 3, Mas. Maybe number 3 is on AB. I am not *pethek*, mas.)

Speaker 1: *Menurutku kui mau malah TC 3 ijek cong kok. Tapi yo durung tentu metu kui ngko.* (I think that TC 3 is still cong but I am not sure that it will come out.)

Speaker 2: Aku arep tuku nomer piro yaa mas? Bingung aku malahan mas. (What will I bet today, Mas? I am confused.)

Speaker 1: Bingung yo gocekan cagak to. Hahaha... (If you're confused, then hold on the pole. [Laughter])

Speaker 2: Tenanan iki lho mas, jek galau aku iki. (I am serious, Mas. I am confused.)

Speaker 1: *Yo wes naknu tuku nomer 37 wae kowe. Hahaha... Metu kui mengko.* (Then you should just bet on 37. [Laughter] It is will come on the result later.)

Speaker 2: *Matamu kuwi mas. Angka matot kabeh mbuk kon nuku. Akon nuku ki nomer LN ngono. Nek aku tembus kan kowe mengko entuk kei seko aku to. Kowe ki malah jomprongke senenge. Kopeet tenan.* (Your f***ing eyes, Mas. You ask me to bet on all of *matot* numbers.

You should ask me bet on LN numbers. If I *tembus*, you will get *kei* from me too. You just fool me. Damn you.)

Speaker 1: *Hahaha...yo pancen tujuanku ben kowe rak tembus kok.* ([Laughter] Yes, it is my purpose so that your bet is not *tembus*.)

Speaker 2: Wah, kowe ki rak mendukung tenan og. (You don't support me at all.)

Speaker 1: *Lha nek kowe tak kei nomer DN kan rak bakal tembus, aku bayarane luwih akeh.*

Hahaha.. (If I give you a DN number then your bet will not *tembus*. Then I will get bigger profits [Laughter].)

Speaker 2: *Ahh...matamu kuwi mas.. Nek ngono caramu, tak undangke paklisi ben keno lampu merah nggonmu. Hehe..* (Ahh..your f***ing eyes, Mas. If that's your way, I will call a police so that you will get *lampu merah* in your place. [Laughter])

Speaker 1: *Ahh tai kowe.. Aku wingi kae wes mbeto kok arep keno lampu merah. Edan kowe ki.* (Damn you. Yesterday I had *mbeto* and now you will get me *lampu merah*. You are crazy.)

Speaker 2: *Hahaha..rak popo to..* ([Laughter] It is fine.)

Speaker 1: *Wes ndang kowe tuku piro?* (Hurry, What numbers do you bet?)

Speaker 2: *Sek membengi ki tonggoku tuku nggon shio macan. Wes aku melu-melu kui wae naknu.* (Wait. Last night my neighbor bets on tiger *shio*. I will bet on that too.)

Speaker 1: *Nomere piro kuwi?* (What is the number?)

Speaker 2: *02 karo 14 yoo 5000an wae.* (02 and 14, each 5000 rupiahs.)

Speaker 1: *Lha kuwi meh mbuk BB rak?* (Are you going to BB that number?)

Speaker 2: *Yo di BB to mas. Ben tembus. Hahaha...* (Of course, I am, so that my bet will *tembus*. [Laughter])

Speaker 1: *Wes sah brati yo. Iki wes tak tulis nomermu.* (It has *sah* then. I already write down your number.)

Speaker 2: *Iyo-iyo mas. Wes sip pokoke tembus kuwi mengko. Hahaha..* (Ok, Mas. My bets

I definitely *tembus* later. [Laughter])

Speaker 1: *Pede men kowe ki. Durung tentu to yo.* (Where is your confidence come from?

is not certain yet.)

